

† Sembahyang Kolekta

I Ayo padha munjuk (*wening sawetawis*)

Allah Hyang Rama ingkang Maha Kuwasa, sarana ngutus Sabdaning kasunyatan, tuwin Rohing kasucian dhateng alam donya, kekeran Dalem ingkang saklangkung ngéram-éram aken sampun kawedharaken dhateng umat manungsa. Keparenga srana ngugemi pangandel ingkang sanyata kawula ngluhuraken kamulyaning Hyang Triniji Suci ingkang langgeng, saha sujud dhateng Gusti ingkang sawiji. Lantaran Sri Yésus Kristus, Gusti Kawula. **Amin**

LITURGI SABDA

L : Waosan kapethik saking Kitab Pangentasan (34:4b-6.8-9)

“Gusti Pangéran Allah kawula, ingkang Maha Welas tuwin Maha Asih.”

Nalika samana isih ésuk umun-umun Nabi Musa wungu lan minggah gunung Sinai ngasta watu loro, netepi dhawuhing Pangéran. Pangéran nuli tedhak ana ing méga. Déné Nabi Musa mapan ana ing sacelaké karo nyebut Asma Dalem. Pangéran nuli langkung ing ngarepé. Sanalika Nabi Musa sujud manambah kanthi urmat karo munjuk, “Gusti, manawi dados renaning panggalih, mugé karsaa tindak ngampingi kawula. Leres bangsa punika wangkal, nanging mugé karsaa ngapunten dosa tuwin kalepatan kawula, saha karsaa ngangkat kawula dados ahli waris Dalem”.

L: Makaten sabda dalem Gusti

U: Sembah nuwun konjuk ing Gusti

♪ **Kidung Panglimbang**

MAZMUR TANGGAPAN

Daniel 3:52.53.54.55.56; R: 52b

1 = f, irama mardika

Refren 537

05̣ 1̣2̣ 3 1̣ 5̣ 1̣2̣ 3 4 5 3 6 5 04̣ 3 1 2 2 1 . ||
Mi- nul-yakna saha li-nuhurna Gusti ing salami-nipun.

1. *Pinujja Gusti, Allahing para leluhur, minulyakna saha linuhurna ing salaminipun.*
2. *Pinujja Asma Dalem ingkang luhur tuwin suci, minulyakna saha linuhurna ing salaminipun.*
3. *Pinujja Gusti ingkang lenggah ing padaleman suci, minulyakna saha linuhurna ing salaminipun.*

L : Waosan kapethik saking Seratipun Rasul Santo Paulus dhateng umat ing Korintus ingkang kaping kalih (13:11-13)

“Muga para sadulur kabèh katedhakana sih Dalem Gusti Yésus Kristus, pinaringana katresnaning Allah, lan katunggalna rukun déning Hyang Roh Suci.”

Para sadulur, uripa sing bungah lan sing tentrem. Allah sumbering sih lan katentremen, mesthi nunggaling kowé. Padha anduma salam pambagya suci. Para suci kabèh padha kirim taklim. Muga para sadulur kabèh padha katedhakana sih Dalem Gusti Yésus Kristus, pinaringana katresnaning Allah, lan katunggalna rukun déning Hyang Roh Suci.

L: Makaten sabda dalem Gusti

U: Sembah nuwun konjuk ing Gusti

♫ **Kidung Alleluia:**

ALLELUYA 758

1 = g; gregorian laras nomer 6

Refren:

$\overline{1 \ 2 \ 3} \quad 1 \quad \overline{2 \ 3} \quad \overline{2 \ 1} \quad \overline{6 \ 5} \quad \overline{1} \quad \overline{2 \ 3} \quad \overline{2 \ 1} \quad 1 \quad ||$
 Al- le- lu- ya, al- le- lu- ya, al- le- lu- ya.

Mugi linuhurna Hyang Rama saha Hyang Putra tuwin Hyang Roh Suci, Allah ingkang sapunika jumeneng, ingkang rumiyin jumeneng, lan ingkang badhé tansah jumeneng.

Tedhak dhateng papan pangentosan, tigang dintenipun wungu saking seda. Mekrad dhateng swarga, pinarak ing satengen Dalem Allah, Rama Sang Mahakuwasa. Saking ngriku badhe rawuh ngadili para tiyang gesang utawi pejah.

Kawula pitados ing Hyang Roh Suci. Pasamuwan Katulik ingkang suci, lan panunggiling para Suci. Pangapunte ning dosa. Tangining badan. Saha gesang langgeng. Amin.

† Sembahyangan Umat

I Kinanthen Roh Dalem Sri Yesus kang rumentahing kita, ayo munjuk atur ingarsa Dalem Hyang Rama ing Swarga lan nyenyuwun bebarengan:

L Mangga sami atur panuwun ingarsa Dalem Hyang Rama ing Swarga awit sampun nimbali kita kanthi nami kita satunggal-satunggal saha nyuwun supados kita saged nanggapi katresnan Dalem kanthi setya. Sesarengan kita nyuwun...

U Pinujia Allah kawula ing salaminya

L Mangga sami atur panuwun ing Sri Yesus, Gusti kita, karena sampun damel rahayu kita kanthi manjalma dados manungsa, gesang dados manungsa lan seda nglabeti kita, sami sami nyuwun mugi kita pinaringan kekiyatan ndherek pada Dalem. Sesarengan kita nyuwun...

U Pinujia Allah kawula ing salaminya

L Mangga sami atur panuwun katur ing Hyang Roh Suci, karena sampun nuntun kita nalika ngambah ing pepeteng, saha ngiyataken kita kanthi kabingahan lan katresnan, manga kita nyuwun supados kita nampi kanugerahan kawicaksanan saha kekendelan. Sesarengan kita nyuwun...

U Pinujia Allah kawula ing salaminya

L Kangge ingkang martosaken injil ing pundi kemawon. Mugi sangsaya kathah tiyang nampi kabar kabingahan saking Sri Yesus kanthi penuh semangat lan bingah. Sesarengan kita nyuwun...

U Pinujia Allah kawula ing salaminya

I Allah Rama kawula, kawula tepang saha nresnani Gusti minangka Rama, Hyang Putra saha Hyang Roh Suci. Mugi kawula kulawarga-kulawarga sangsaya tepang kanthi lebet lan nresnani paduka, samenika saha ing salaminipun. **Amin.**

LITURGI EKARISTI

♫ **Cecawis Pisungsung - KA 212**

† **Sembahyangan Cecawis Pisungsung**

I Gusti Allah kawula, kawula nyuwun, mugè krama anggèn kawula nyebut Asma Dalem, karsaa nucèkaken pisungsung pangabdi kawula punika, saha kawula piyambak kadadosna caosan langgeng konjuk ing Gusti. Lantaran Sang Kristus, Gusti kawula.

U Amin

† **Prefasi**

Pambuka prefasi

$\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$ $\overline{5}$ $\overline{4}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ //

I : Gus-ti ma-nunggal-a

$\overline{7}$ $\overline{7}$ $\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$ $\overline{5}$ $\overline{4}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ //

U: Ka-li-yan ku-la sa-da-ya

$\overline{7}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$, $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$ //

I: Padha tu-me-nga - a inga- lu-hur.

$\overline{7}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$ //

U: Sampun tu-me - nga ing Gus - ti.

$\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$ $\overline{5}$

I: Ayo padha munjuk sembah nu-wun

$\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{4}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ //

konjuk ing Al - lah.

$\overline{7}$ $\overline{1}$ $\overline{7}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{5}$ $\overline{4}$ $\overline{5}$ $\overline{7}$ //

U: Mi-la pantès lan prayo - gi.

I Mila pantès lan prayogi tuwin asung rahayu kawula wonten ing pundi-pundi, tansah munjuk sembah nuwun ingarsa Dalem Gusti Rama ingkang mahasuci, Allah ingkang mahakuwasa tuwin langgeng.

Jer Gusti kaliyan Putra Dalem ontang-anting tuwin Hyang Roh Suci, jumeneng Allah, Pangeran satunggal, boten margi jejer Dalem, nanging karena Hyang Triniiji wau tunggil dat.

Margi wedharan Dalem, kawula pitados menggah ing kamulyan Dalem; samanten ugi menggah ing Putra Dalem tuwin menggah ing Hyang Roh Suci, boten mbenten-mbentenaken kaluhuraning satunggal lan satunggalipun.

Pramila kawula ngakeni kaallahan Dalem ingkang sanyata tuwin langgeng, saha sami manambah jejer-jejer Dalem, manunggiling dat Dalem, sarta jajaring kaluhuran Dalem.

Inggih punika ingkang dipun caosi pangalembana dening para Malaekat tuwin Malaekat Agung ing swarga, ingkang ing sadinten-dinten tanpa kendhat sami sesarengan suka gembira mangayubagya :

♪ **Kidung Suci - KA 224**

† **Sembahyang Puji Panuwun Agung (DSA)**

Sembahyangan Ekaristi – anamnese:

5 7 1̇ 7 5 4 3 4 5 7 1̇ 7 5 /
I. Endah a - gung ke-ke-raning pangandel.

5 7 1̇ 7 5 / 4 3 4 5 7 1̇ 7 / 5 //
U. Se-da Da- lem ka-wula wartosa- ken

5 5 4 5 7 / 1 5 5 7 1 7 5 / 4 .
Wungu Da- lem ka-wu-la a- keni.

3 3 4 5 7 / 5 5 5 4 3 3 4 / 3 /
Rawuh Dalem ma-lih, kawula an-tu an - tu

RITUS KOMUNI

♪ **Rama Kawula - KA 139**

† **Sembahyang Katentreman**

7̇ 1̇ 1̇ 1̇ 7 5 5 5 5 5 5 4 5 7 //
I: *Katentreman Dalem tansah manunggal-a*

7̇ 7 7 1̇ 7 5 4 5 7 //
U: Ka-li-yan ku-la sa-da - ya

♪ **Cempening Allah - KA 234**

CECAWIS NAMPI KOMUNI

I Yaiki Cempening Allah, kang mbirat dosaning jagad. Rahayu kang tinimbangan ndherek bojana Dalem.

U Gusti estunipun kawula boten pantes dipun rawuhi.

Namung kawula aturi ngendika, sukma kawula temtu badhe saras.

† **Komuni**

♪ **Kidung Komuni - KA 247 & KA 249**

👂 **Pawartos Paroki**

Sembahyang bakda komuni

I Swawi sami munjuk: Gusti Allah kawula, mugi anggèn kawula nampi sakramèn punika saha anggèn kawula ngakeni Triniji Dalem ingkang langgeng, tuwin sawiji Dalem ingkang tan kénging pinisah, njalarana wilujeng kawula. Lantaran Sang Kristus, Gusti Kawula. **Amin**

RITUS PANUTUP

† **Berkah Panutup**

$\overline{7} \quad \overline{\dot{1}} \quad \overline{7} \quad \overline{5} \quad \overline{4} \quad \overline{5} \quad \underline{7} \parallel$

I : Gus- ti ma- nunggal-a

$\overline{7} \quad \overline{7} \quad \overline{7} \quad \overline{\dot{1}} \quad \overline{7} \quad \overline{5} \quad \overline{4} \quad \overline{5} \quad \underline{7} \parallel$

U: Ka-li- yan ku-la sa- da- ya

7 $\dot{1}$ 7 5

I : Mu-ga Allah kang Maha Kuwasa paring berkah marang kita:

5

Konjuk ing Asma Dalem (+) Hyang Rama, saha Hyang Putra,

5 4 5 7

tuwin Hyang Roh Su-ci.

$\overline{5} \quad \overline{4} \quad \overline{5} \quad \underline{7} \parallel$

U: A- min

7 $\dot{1}$ 7 5

I : Mang-ga sa-mi mundur kanthi tentrem

5 4 5 7

lan mulyakaken asma Dalem Gus-ti

7 $\dot{1}$ 7 5 4 5 7

U: Sem-bah nu-wun konjuk ing Gus-ti

♪ **Kidung Panutup - Nderek Dewi Maria**